

**KAJIAN MAJAS ING SALEBETING CERBUNG “PANGGUGATE ANAK
KARAM” ANGGITAN ADINDA A. S. SAKING MAJALAH PANJEBAR
SEMANGAT TUWIN RELEVANSI PENDIDIKAN KARAKTER ING
PIWUCALAN BAHASA JAWA KELAS XI SMK NEGERI 1
KALIBAWANG**

TESIS

Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister
Program Studi Magister Pendidikan Bahasa



Kaanggit Dening

ESTIKOMAH EKA WIJIASTUTI

NIM 1681100031

**PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN**

2018

PASARUJUKAN

TESIS

KAJIAN MAJAS ING SALEBETING CERBUNG “PANGGUGATE ANAK KARAM” ANGGITAN ADINDA A.S. SAKING MAJALAH PANJEBAR SEMANGAT TUWIN RELEVANSI PENDIDIKAN KARAKTER ING PIWUCALAN BAHASA JAWA KELAS XI SMK NEGERI 1 KALIBAWANG

Ingkang karakit lan kaajengaken dening

ESTIKOMAH EKA WIJIASTUTI

NIM 1681100031


Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong

Pamong I

Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd.

NIK 690 115 345

Tapak Asma




Surya Kaping

Pamong II

Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum.

NIP 19591004 198603 1 002

Tapak Asma



Surya Kaping

Kauningan,

Ketua Program Studi Magister Pendidikan Bahasa



PENGESAHAN

KAJIAN MAJAS ING SALEBETING CERBUNG "PANGGUGATE ANAK KARAM" ANGGITAN ADINDA A.S. SAKING MAJALAH PANJEBAR SEMANGAT TUWIN RELEVANSI PENDIDIKAN KARAKTER ING PIWUCALAN BAHASA JAWA KELAS XI SMK NEGERI 1 KALIBAWANG

Ingkang karakit lan kaajengaken dening

ESTIKOMAH EKA WIJIASTUTI

NIM 1681100031

Sampun dipunsarujuki saha dipunsahaken dening Tim Penguji

Asma


Dr. D. B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP. 19600412 198901 1 001

Dr. Hersulastuti, M.Hum.
NIP. 19650421 198703 2 002

Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd.
NIK 690 115 345


Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum.
NIP 19591004 198603 1 002

Tapak Asma


.....
.....
.....

1/5 2018

1/6 2018


.....
.....
.....


Kauningan,



Direktur Program Pascasarjana

Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd.
NIK 690 115 345

Ketua Program Studi



Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP. 19600412 198901 1 001

PRATELA

Ingkang tapak asma ing ngandhap punika, kula:

Nama : Estikomah Eka Wijiastuti
NIM : 1681100031
Jurusan/Program Studi : Bahasa Jawa/Pendidikan Bahasa
Program : Pascasarjana

Mratelakaken bilih tesis menika minangka seratan kula piyambak. Perkawis ingkang sanes karya kula ing salebetung tesis punika dipunsukani tandha *sitas* lan dipuntedahaken ing salebetung kapustakan.

Mbokbilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula punika mboten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* inggih punika batalipun *gelar* Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten, 20 Agustus 2018

Ingkang damel pratela



Estikomah Eka Wijiastuti

SESANTI

“Gusti Allah mboten sare”

“Aja ngimpi Swarga yen isih lena legine Donya”

“Berdoalah sampai keadaan anda berubah, janganlah berhenti berharap karena Allah dengan mudah bisa merubah keadaan dengan begitu cepat”

“Belajar menjadi orang yang:

Tetap sejuk di tempat yang teramat panas

Tetap manis di tempat yang begitu pahit

Tetap menjadi kecil meskipun menjadi begitu besar

Tetap tenang di tengah badai yang teramat dahsyat”

PISUNGSUNG

Raos syukur ingkang tanpa upami konjuk ing Ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Welas Asih, karya punika kula pisungsungaken dhumateng:

1. Tiyang sepuh kula ingkang tansah paring donga pangestu ugi sedaya kulawarga.
2. Unwidha Klaten
3. SMK Negeri 1 Kalibawang
4. Anak-anak kula Adis lan Adnan ingkang tansah dados panyengkuyung gesang kula.

ATUR PANGLANTAR

Assalamualaikum warahmatullahi wabarakatuh.

Puji syukur wonten Ngarsa Dalem Allah Subhanahu Wata'ala ingkang sampun paring karahtaman saengga tesis punika saged rampung ing wekdal ingkang sampun dipuntemtokaken.

Shalawat sarta salam konjuk dhumateng Nabi Agung Muhammad SAW ingkang kita antu-antu syafaatipun wonten ing yaumul kiyamah samangke.

Tesis kanthi judhul KAJIAN MAJAS ING SALEBETING CERBUNG “PANGGUGATE ANAK KARAM” ANGGITAN ADINDA A.S. SAKING MAJALAH *PANJEBAR SEMANGAT TUWIN RELEVANSI PENDIDIKAN KARAKTER ING PIWUCALAN BAHASA JAWA KELAS XI SMK NEGERI 1 KALIBAWANG* punika mboten saged rampung tanpa pambiyantu saking pinten-pinten pihak. Awit saking punika ing mriki kula badhe ngaturaken maturnuwun dhumateng:

1. Prof. Dr. Triyono, M.Pd. minangka rektor Universitas Widya Dharma Klaten.
2. Prof. Dr. Herman J. Waluyo,M.Pd. minangka Direktur Program Pascasarjana ugi minangka dosen pembimbing 1
3. Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. minangka Ketua Program Studi Magister Pendidikan Bahasa.

4. Dr. Agus Yuliantoro,M.Hum. minangka dosen pembimbing 2 ingkang sampun mbimbining kanthi sabar.
5. Sedaya Bapak lan Ibu dosen Pascasarjana.
6. Rencang-rencang setunggal angkatan.
7. Sedaya ingkang mboten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggalipun.

Karya menika tasih tebih saking sampurna, awit saking punika kula nyuwun panyaruwe saking pamaos sedaya.

Makaten ingkang saged kula aturaken, kirang langkungipun nyuwun agenging pangaksama.

Wassalamualaikum warahmatullahi wabarakatuh.

Klaten, 20 Agustus 2018

Panganggit

DHAPTAR ISI

| | |
|---|------|
| JUDUL | i |
| PASARUJUKAN | ii |
| PENGESAHAN | iii |
| PRATELA | iv |
| SESANTI | v |
| PISUNGSUNG | vi |
| ATUR PANGLANTAR | vii |
| DHAPTAR ISI | ix |
| DHAPTAR LAMPIRAN | xi |
| SARIPATI | xii |
| <i>ABSTRAK</i> | xiii |
| <i>ABSTRACT</i> | xiv |
| | |
| BAB I PURWAKA | 1 |
| A. Lelarahipun Perkawis | 1 |
| B. Idhentifikasi Perkawis | 4 |
| C. Momotaning Perkawis | 5 |
| D. Ancasing Panaliten | 5 |
| E. Mupangating Panaliten | 6 |
| F. Panaliten ingkang Gayut | 7 |
| | |
| BAB II LANDHESANING TEORI | 8 |
| A. Pangertosan Karya Sastra Cerbung | 8 |
| B. Majas | 12 |

| | |
|--|-----------|
| C. Pangetrapan ing Piwucalan Bahasa Jawa | 23 |
| D. Relevansi Pendidikan Karakter | 27 |
| | |
| BAB III METODHE PANALITEN | 30 |
| A. Pendhekatan Panaliten | 30 |
| B. Sumber Dhata tuwin Dhata | 30 |
| C. Teknik Pangempalaning Dhata | 31 |
| D. Teknik Analisis Dhata | 32 |
| E. Teknik Penyajian Asil Analisis Dhata | 33 |
| | |
| BAB IV KAJIAN LAN ASIL PANALITEN | 35 |
| A. Deskripsi Data | 35 |
| B. Kajian Majas | 38 |
| C. Pangetrapan Piwucalan Kelas XI SMK | 68 |
| D. Relevansi Pendidikan Karakter | 72 |
| | |
| BAB V PANUTUP | 75 |
| A. Dudutan | 75 |
| B. Implikasi | 80 |
| C. Pamrayogi | 80 |
| | |
| KAPUSTAKAN | 82 |
| LAMPIRAN | 84 |

DHAPTAR LAMPIRAN

| | | |
|------|--|-----|
| I. | CERBUNG | 85 |
| II. | SILABUS | 90 |
| III. | RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN | 99 |
| IV. | ASIL TUGAS SISWA | 124 |
| V. | PHOTO | 179 |

SARIPATHI

ESTIKOMAH EKA WIJIASTUTI. 2018 “Kajian Majas ing Salebetung Cerbung *Panggugate Anak Karam* Anggitan Adinda A.S. saking Majalah Panjebar Semangat tuwin Relevansi Pendidikan Karakter ing Piwucalan Bahasa Jawa Kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang”. Tesis. Program Pascasarjana Pendidikan Bahasa. Universitas Widya Dharma Klaten.

Tesis menika ngandharaken babagan majas ingkang kamot ing salebetung cerbung *Panggugate Anak Karam* anggitan Adinda A.S. Momotaning perkawisipun inggil punika: 1. Kadospundi majas ingkang kamot ing salebetung cerbung *Panggugate Anak Karam*. 2. Kadospundi pangetrapan majas ing cerbung *Panggugate Anak Karam* menika ing piwucalan kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang. 3. Kadospundi relevansi kajian majas ing cerbung *Panggugate Anak Karam* menika kangge Pendidikan Karakter siswa kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang. Ancas saking panaliten punika kangge: 1. Ngandharaken majas ingkang kamot ing cerbung *Panggugate Anak Karam*. 2. Ngandharaken pangetrapan majas cerbung *Panggugate Anak Karam* ing piwucalan Bahasa Jawa kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang. 3. Ngandharaken gegayutan kajian majas ing cerbung *Panggugate Anak Karam* kangge Pendidikan Karakter siswa kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang.

Metode ingkang dipunginaaken ing panaliten inggil punika metode penelitian kualitatif ingkang asifat deskriptif ingkang sedaya datanipun awujud tetembungan. Sumber panaliten menika karya sastra Jawa arupi cerbung *Panggugate Anak Karam* anggitan Adinda A.S. saking majalah Panjebar Semangat edisi Januari-Mei 2017 ingkang kaperang dados 16 episode. Data ing panaliten awujud tembung lan ukara ingkang ngamot majas ing salebetung cerbung. Teknik pengumpulan data ingkang dipunginaaken teknik maos, lajeng tembung lan ukara ingkang ngamot majas kasebat dipunserat ing kartu data lajeng dipunkempalaken adhedhasar jinis majas.

Asil saking panaliten kajian majas ing salebetipun cerbung *Panggugate Anak Karam* menika pikantuk majas cacahipun 54. Majas perbandingan wonten 6, majas pertentangan wonten 7, majas pertautan kepanggih paling kathah inggil punika wonten 29, lan majas perulangan wonten 12. Pangetrapan kajian majas ing cerbung *Panggugate Anak Karam* punika wonten ing piwucalan kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang dipunlebetaken ing materi pasinaon Kompetensi Dasar telaah unsur intrinsik novel/cerbung. Gegayutan kalian Pendidikan Karakter siswa kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang inggil punika dipunkajengaken supados amanat ingkang wonten ing salebetung cariyos cerbung *Panggugate Anak Karam* saged dados patuladhan kangge sangu gesang bebrayan para generasi penerus ingkang nggadhahi karakter ingkang langkung sae.

Kata Kunci: Majas, Cerbung *Panggugate Anak Karam*, Pembelajaran Kelas XI SMK

ABSTRAK

ESTIKOMAH EKA WIJIASTUTI. 2018 “*Kajian Majas ing Salebetung Cerbung Panggugate Anak Karam Anggitan Adinda A.S. saking Majalah Panjebar Semangat tuwin Relevansi Pendidikan Karakter ing Piwucalan Bahasa Jawa Kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang*”. Tesis. Program Pascasarjana Pendidikan Bahasa. Universitas Widya Dharma Klaten.

Tesis ini membahas tentang majas yang termuat dalam cerbung *Panggugate Anak Karam*. Rumusan masalah penelitian ini adalah: 1. Bagaimana majas pada cerbung *Panggugate Anak Karam* karya Adinda A.S. 2. Bagaimana menerapkan majas yang terdapat dalam cerbung tersebut dalam pembelajaran Bahasa Jawa Kelas XI SMK negeri 1 Kalibawang. 3. Bagaimana relevansi majas tersebut untuk Pendidikan Karakter siswa Kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang. Sedangkan tujuan dari penelitian ini adalah: 1. Menjelaskan majas dalam cerbung *Panggugate Anak Karam*. 2. Menjelaskan penerapan majas dalam cerbung *Panggugate Anak Karam* dalam pembelajaran Bahasa Jawa Kelas XI SMK negeri 1 Kalibawang. 3. Menjelaskan relevansi majas dalam cerbung *Panggugate Anak Karam* untuk Pendidikan Karakter siswa Kelas XI SMK negeri 1 kalibawang.

Metode yang digunakan dalam penelitian ini adalah metode penelitian kualitatif yang sifatnya deskriptif yang datanya terurai dalam bentuk kata-kata. Sumber dari penelitian ini adalah karya sastra Jawa berupa cerbung *Panggugate Anak Karam* karya Adinda A.S. pada majalah Panjebar Semangat edisi Januari-Mei 2017 yang terdiri dalam 16 episode. Data dalam penelitian ini adalah kata atau kalimat yang memuat majas dalam cerbung. Teknik pengumpulan data yang digunakan adalah teknik membaca, kemudian kata atau kalimat yang mengandung majas tersebut ditulis dalam kartu data dan dikelompokkan berdasarkan jenis-jenis majas.

Hasil penelitian pada cerbung *Panggugate Anak Karam* terdapat 54 majas. Majas Perbandingan terdapat 6 majas, majas Pertentangan diperoleh 7, majas Pertautan ada 29 merupakan majas terbanyak yang ditemui dalam penelitian ini, majas Perulangan ada 12 majas. Dalam silabus Kurikulum 2013 pembelajaran Bahasa Jawa Kelas XI SMK terdapat Kompetensi Dasar tentang telaah novel/cerbung yang mana majas merupakan salah satu unsur intrinsik yang ditelaah dan dimasukkan dalam kegiatan pembelajaran di kelas. Kaitannya dengan mengkaji majas yang terdapat dalam cerbung *Panggugate Anak Karam* diharapkan siswa kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang mampu mengambil teladan dari amanat yang terkandung di dalam cerita sehingga secara tidak langsung dapat dijadikan sebagai salah satu sarana Pendidikan Karakter sehingga dapat menjadi tolak ukur dalam menghadapi tantangan hidup untuk masa depan generasi penerus yang lebih baik.

Kata Kunci: Majas, Cerbung *Panggugate Anak Karam*, Pembelajaran Kelas XI SMK

ABSTRACT

ESTIKOMAH EKA WIJIASTUTI. 2018 “Kajian Majas ing Salebeting Cerbung *Panggugate Anak Karam* Anggitan Adinda A.S. saking Majalah Panjebar Semangat tuwin Relevansi Pendidikan Karakter ing Piwucalan Bahasa Jawa Kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang”. Thesis. Program Pascasarjana Pendidikan Bahasa. Universitas Widya Dharma Klaten.

The thesis discusses about the figures of speech in *Panggugate Anak Karam* serial. The problems formulation are: 1. What figures of Speech used in *Panggugate Anak Karam* serial by Adinda A.S 2. How figures of speech in the serial applied in the teaching of eleventh graders of vocational school. 3. How figures of Speech relevance to character education for eleventh graders in State Vocational School 1 Kalibawang. The purposes of the research are: 1. To explain the figures of speech in *Panggugate Anak Karam* serial. 2. To explain the figures of speech application in in *Panggugate Anak Karam* serial in teaching eleventh graders in State Vocational School 1 Kalibawang. 3. To explain the relevance of figures of speech in *Panggugate Anak Karam* serial to character education for eleventh graders in State Vocational School 1 Kalibawang.

In the research, descriptive qualitative method is used, the data are explained in words. The source of research is a Javanese work of art, *Panggugate Anak Karam* serial by Adinda A.S in Panjebar Semangat magazine January-May edition 2017 consisting of 16 episodes. The data in the research are words or sentences containing figures of speech in the serial. Reading technique is used in data collecting. Words or sentences containing figure of speech are written in data cards and then classified based on the figure of speech used.

The research result in *Panggugate Anak Karam* serial shows that there are 54 figures of speech. Comparison consists of 6 figures of speech, contradiction consists of 7 figures of speech, linkage, as the most frequent consists of 29 figures of speech, and repetition consists of 12 figures of speech. In teaching Javanese for eleventh graders of State Vocational School 1 Kalibawang based on 2013 curriculum, there is a base competence about understanding the figure of speech as one of the intrinsic elements in serial. In understanding the figures of speech in *Panggugate Anak Karam* serial the eleventh graders are expected to take the examples of the trusteeships in the story so it can be used as a means of character education in facing the life challenge for a better future.

Keywords : Figure of Speech, *Panggugate Anak Karam* serial, Eleventh graders in State Vocational School 1 Kalibawang Teaching.

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahipun Perkawis

Basa ing salebetipun karya sastra nggadhahi *spesifikasi* piyambak boten sami kaliyan basa ingkang kangge *komunikasi* ing pasrawungan saben dinten. Titikan kasebat gegayutan kaliyan majas utawi salah satunggalipun kajian *stilistika* ingkang saged arupi basa kanthi *universal* ugi basa minangka kekhasan saking pangripta.

Cerbung mujudaken salah satunggalipun karya *fiksi naratif* ingkang nggadhahi teges *khayalan* utawi boten adhedhasar kasunyatan, sanajan punapa ingkang sinerat saged nggamaraken kedadosan ing alam nyata. Sastra mboten saged uwal saking manungsa, alam, kawontenan saha kedadosan ing sakiwa-tengenipun ingkang dipunserat dening sastrawan ngandharaken idhe saha pamanggihipun tumrap pamidhanget utawi pamaos lumantar karya sastra.

Karya sastra asring sami kaliyan punapa ingkang pinanggih ing alam lan sakiwa-tengenipun amargi lelandhesaning cariyos kapendhet saking pengalamanipun pangripta kanthi langsung utawi boten langsung, saking pengalaman tiyang sanes utawi kedadosan ingkang dipunalami dening tiyang sanes (Siswanto, 2008:46) karya sastra kacipta lumantar idhe ingkang pinanggih saking alam sawegung, panganggit badhe mratelaaken punapa ingkang tinanggapan pancadriya, kaemut lan kagamaraken lumantar basa.

Cerbung nggadhahi maneka warni unsur ingkang kaperang dados kalih inggih punika *unsur intrinsik* lan *unsur ekstrinsik*. Salah satunggaling *unsur intrinsik* inggih punika majas. *Pengkajian* karya sastra saking wujud basa boten badhe ical saking paningal tumrap *gejala linguistik* ingkang wonten ing salebetung wacana. Ananging *pengkajian* tansah dipunpremati kadospundi gegayutanipun antawis *unsur* ingkang wonten ing salebetipun karya sastra.

Kanthi *stilistika* saged biyantu salebetipun nafsiraken karya sastra ugi saged biyantu pangripta ngginakaken basa minangka pandungkap makna. Punjering kawigatosan *stilistika*, wonten ing panganggenipun basa. Majas saking pangripta saged nguwaosi norma basa ingkang dipunginaaken ing karya sastra. Wontenipun majas minangka salah satunggaling *unsur stilistika* punika ingkang jumbuh kaliyan piyambakipun ugi ingkang gegayutan kaliyan basa saha wujud pratelanipun. Saged ugi ngindhaaken kualitas saengga wonten gegayutannipun kaliyan bobot aji *estetika* karya sastra kasebat lan dados saged langkung narik kawigatosan pamaos.

Majas inggih punika basa endah ingkang dipunginaaken kange ngudi indhaking efek kanthi cara nepangaken sarta nandhingaken satunggaling barang utawi perkawis ingkang limrahipun langkung, kanthi makaten panganggenipun majas tartamtu saged ngewahi sarta ndadosaken *konotasi* tartamtu (Dale ing Tarigan, 1985:5).

Wonten piwulangan utawi pasinaonan, guru nyepeng peran ibarat dados *sutradhara* lan *aktor*. Maksudipun, wonten ing asta guru tugas lan tanggung jawab damel ancasan lan nglaksanaken piwulangan ing sekolah. Guru dados

tenaga *profesional* kedah kagungan samubarang kapinteran kagem mangejawantahaken teori piwulangan ing sekolah, kapinteran mendhet lan ngetrapaken metodhe piwulangan ingkang *efektif* lan *efisien*, kapinteran nyurung siswa *berpartisipasi aktif*, lan kapinteran damel kahanan piwulangan ingkang saget nunjang kasilipun ancasing pasinaon.

Wonten salebetipun Silabus Kurikulum 2013 *Muatan Lokal* Bahasa Jawa Propinsi Jawa Tengah ing pasinaon kelas XI SMK wonten satunggaling *Kompetensi Dasar* inggih punika telaah karya sastra novel utawi cerbung. Awit saking punika panaliti nggadhahi idhe kangge ngregengaken pasinaon inggih punika nglebetaken kajian majas wonten ing unsur pembangun karya sastra novel/cerbung supados saged langkung narik kawigatosan para siswa.

Ing mriki panaliti nyobi ngawontenaken pasinaon kanthi nglebetaken kajian majas ing piwucalan kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang Kabupaten Wonosobo, ing Semester Gasal Tahun Pelajaran 2017/2018 wonten ing *Kompetensi Dasar Menelaah* karya sastra arupi cerbung kanthi irah-irahan Panggugate Anak Karam anggitan Adinda A.S.

Pamilihan irah-irahan cerbung Panggugate Anak Karam punika awit saking raos prihatos panaliti awit kasunyatan jaman samenika wonten pinten-pinten kedadosan adhedhasar saking pengalaman minangka salah satunggaling dwija ingkang kedah kelangan siswinipun amargi nglampahi palakrami lan medal saking sekolaham amargi kawontenan inggih punika sampun ngandhut saderengipun lulus. Kanthi nglebetaken cariyos menika ing piwucalan, panaliti

nggadhahi pangajeng-ajeng supados siswi SMK Negeri 1 Kalibawang mboten wonten malih ingkang nemahi kedadosan kados makaten.

B. Idhentifikasi Perkawis

Panaliti nggayutaken cerbung ingkang kapendhet saking majalah Panjebar Semangat edhisi taun 2017, kaliyan piwucalan Basa Jawa wonten ing kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang ingkang padatanipun para dwija namung miscalaken telaah cerbung wonten ing unsur pambangun inggih punika tema, paraga, latar, alur, lan amanat kemawon. Majas ugi kalebet salah satunggaling unsur intrinsik karya sastra. Dwija nggadhahi kabebasan kangge nglampahi *inovasi* utawi pareng damel ewah-ewahan *strategi* piwucalan kanthi nglebetaken majas ing salebeting materi piwucalan cerbung supados para siswa saged nambah kawruh babagan majas.

Samangke wonten ing piwucalan, majas menika saged dipunlebetaken wonten ing kegiyatan *pengayaan* lan *remedial* utawi wonten ing kegiyatan sanesipun ingkang sampun karancang wonten *RPP (Rencana Pelaksanaan Pembelajaran)*, midherek *kreativitas* saking para dwija dipunjumbuhaken kaliyan kawontenan wonten ing sekolahanipun piyambak-piyambak.

Ing mriki panaliti nglebetaken majas ing piwucalan kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang minangka salah satunggalipun SMK wonten ing tlatah Kabupaten Wonosobo Propinsi Jawa Tengah, ingkang nggadhahi kelas XI wonten tigang jurusan utawi paket keahlian, inggih punika Teknik Sepeda Motor, Teknik Komputer Jaringan lan Akuntansi. Pamilihan SMK Negeri 1

Kalibawang menika amargi panaliti minangka dwija mata pelajaran muatan lokal Bahasa Jawa wonten ing sekolah kasebat.

C. Momotaning Perkawis

Saking pawadan perkawis ingkang sampun dipunandharaken wonten nginggil, ingkang dados momotaning perkawis antawisipun:

1. Kadospundi majas perbandingan, pertentangan, pertautan, lan perulangan wonten ing cerbung “Panggugate Anak Karam” anggitan Adinda A.S. ingkang kapendhet saking majalah Panjebar Semangat warsa 2017?
2. Kadospundi caranipun ngetrapaken majas ing salebetipun cerbung “Panggugate Anak Karam” anggitan Adinda A.S. wonten ing materi piwucalan tumrap siswa kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang?
3. Kadospundi relevansi majas ing salebetipun cerbung “Panggugate Anak Karam” anggitan Adinda A.S. kangge Pendidikan Karakter siswa kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang?

D. Ancasing Panaliten

Panaliten punika nggadhahi ancas kados ing ngandhap punika:

1. Ngandharaken majas perbandingan, pertentangan, pertautan, lan perulangan ing salebeting cerbung “Panggugate anak karam” anggitanipun Adinda A.S. ingkang kapendhet saking majalah Panjebar Semangat warsa 2017.

2. Ngandharaken caranipun ngetrapaken majas ing salebetung cerbung “Panggugate Anak Karam” anggitanipun Adinda A.S. ingkang kapendhet saking majalah Panjebar Semangat warta 2017 wonten ing salebetipun materi piwucalan Bahasa Jawa tumrap siswa kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang.
3. Ngandharaken relevansi majas ing salebetipun cerbung “Panggugate Anak Karam” anggitan Adinda A.S. kange Pendidikan Karakter siswa kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang.

E. Mupangating Panaliten

Panaliten punika nggadhahi pinten-pinten mupangat, antawisipun kados ing ngandhap punika:

1. Mupangat teoretis panaliten babagan majas ing salebetung cerbung Kanthi irah-irahan “Panggugate Anak Karam” anggitan Adinda A.S. ingkang kapendhet saking majalah Panjebar Semangat warta 2017 wonten ing salebetipun materi piwucalan cerbung tumrap siswa kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang, inggih punika saged ngrembakaaken jagad ing jaman sapunika supados donyaning sastra sansaya majeng lan saged lestantun awit langkung dipunremini siswa.
2. Mupangat praktis panaliten antawisipun kados ing ngandhap punika:
 - a. Saged paring sumbangan tumrap panaliten basa ing babagan stilistika, ingkang salajengipun saged dados paugeran naliti ngelmu sanesipun

ing cerbung.

- b. Saged kangge bahan piwucalan ing tataran SMK lan saged kangge tuturan lan tetenger ingkang gumathok anggenipun mucalaken basa mliginipun babagan majas ing karya sastra ugi saged dados sarana pasinaon Pendidikan Karakter tumrap siswa.

F. Panaliten ingkang Gayut

Panaliten ingkang gayut inggih punika panalitenipun Dian Ratnasari ingkang dipunlampahi warsa 2015, kanthi irah-irahan *Analisis Gaya Bahasa Kiasan Dalam Kumpulan Cerkak Lelakone Si Man Karya Suparto Brata* saking Fakultas PBSJ Universitas Muhammadiyah Purworejo.

Panaliten ingkang nggadhahi ancas ndheskripikaken gaya bahasa saha maknanipun menika ngginakaken metode kualitatif kanthi teknik simak dan catat, analisis datanipun ngginakaken teknik informal. Lajeng ngasilaken bilih gaya bahasa kiasan ingkang wonten ing salebetung cerkak antawisipun: simile, metafora, personifikasi, alusi, eponym, epitet, metonimia, sarkasme, sinekdoke lan paronomasia menika maknanipun babagan kritik, sindiran, sarta pitutur ingkang katujokaken kangge menungsa nglampahi gesang bebrayan.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Saking kajian majas ing salebetung cerbung *Panggugate Anak Karam* anggitan Adinda A.S. ingkang dipunterapaken ing piwucalan kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang, midherek momotan perkawis ing panaliten punika, saged kapendhet dudutan inggih punika:

1. Ing asiling panaliten kajian majas ing salebetipun cerbung *Panggugate Anak Karam* menika pikantuk majas cacahipun 54. Majas perbandingan wonten 6, majas pertentangan wonten 7, majas pertautan kepanggih kathah inggih punika wonten 29, lan majas perulangan wonten 12.

Menawi dipundudut saking asiling panaliten perkajian majas, makaten:

- a. Sasampunipun dipunbahas kajian majas perbandingan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan menawi majas perbandingan ing salebetung cerbung *Panggugate Anak Karam* anggitan Adinda AS menika tansah nandingaken kalih babagan inggih punika kedadosan utawi barang utawi tindak-tanduk utawi suwanten lan sapanunggalanipun kaliyan babagan sanesipun ingkang kathahipun dipunpindhakaken menawi kekalihipun saged dipunanggep sami.
- b. Majas pertentangan ingkang wonten salebetung cerbung *Panggugate Anak Karam* menika kathahipun nentangaken kalih babagan inggih punika perkawis perkawis ingkang dipuntentangaken kaliyan

pratelanipun ing babagan setunggalipun lan saged ugi awujud kosok wangslipun saking kahanan ingkang sayektosipun.

- c. Majas pertautan ingkang wonten salebetung cariyos menika kathahipun panganggit tansah nengenaken panganggenipun *struktur* tetembunganipun utawi *struktur* ukaranipun inggih punika arupi huruf, wanda, tembung, tandha *baca, frase, klaus, varian nama* lan sapanunggalanipun ingkang dipuntautaken kaliyan babagan tartamtu ingkang nggadhahi gegayutan ing salebetung cerbung *Panggugate Anak Karam* menika. Majas alusio minangka majas pertautan ingkang paling kathah lan paling gampil dipunpadosi amargi panganggit asring ngginaaken unen-unen, paribasan saha basa kiasan ingkang saged ndadosaken pamaos langkung resep anggenipun maos.
- d. Majas perulangan ingkang dipunagem panganggit wonten ing salebetung cerbung *Panggugate Anak Karam* menika arupi wanda, tembung, frase, utawi klaus ingkang dipunambali kaping pinten-pinten panganggenipun ing tengah ukara utawi larik kanthi runtut.

Dados wonten ing cerbung *Panggugate Anak Karam* anggitan Adinda A.S menika kathahipun dipuntemokaken majas pertautan inggih punika wonten 29 dhata. Panganggit nedahaken bilih ukara lan tetembungan ingkang wonten ing salebetipun cerbung menika kathah ngginaaken ukara lan tembung kiasan ingkang nggadhahi gegayutan utawi tautan ingkang ancasipun kangge ndungkap maksud ingkang kinandhut wonten salebetung cariyos.

2. Wonten ing salebetipun piwucalan ing kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang kajian majas punika kalebet minangka salah satunggaling unsur intrinsik ingkang dipunlebetaken ing materi pasinaon wonten ing silabus muatan lokal Bahasa Jawa Kurikulum 2013 ing *Kompetensi Dasar siswa mampu menelaah sebuah karya sastra berupa novel/cerbung*. Siswa dipunpantha-pantha ing kelompok lajeng dwija ngginaaken majalah Panjebar Semangat lan paring arahan supados saben kelompok ngawontenaken dhiskusi babagan majas ing salebeting cerbung Panggugate Anak Karam lajeng dipunwontenaken pambiji arupi *penilaian projek*.

Pangetrapan pasinaon kajian majas ing piwucalan Bahasa Jawa Kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang menika ing setunggal kelasipun dipunperang dados sekawan kelompok. Inggih punika kelompok majas *perbandingan*, kelompok majas *pertentangan*, kelompok majas *pertautan* lan kelompok majas *perulangan*. Lajeng saben kelompok dipunbebasaken milih caranipun madosi majas manut asil pirembagan saking anggota kelompokipun piyambak-piyambak. Wonten ingkang saben anggota kelompokipun namung pados salah satunggal majas kemawon, wonten ugi ingkang saben anggotanipun pados sedaya majas ingkang kandhut wonten ing cerbung, teknisipun saben kelompok perkajian majas kados makaten:

a. Majas *Perbandingan*

Sasampunipun para siswa maos cerbung *Panggugate Anak Karam* lajeng majas *perbandingan* ingkang dipunpadosi para siswa antawisipun majas *perumpamaan, alegori, hiperbola, onomatope*, lan

sintesia.

b. Majas *Pertentangan*

Majas *pertentangan* ingkang dipunpadosi para siswa ing cerbung *Panggugate Anak Karam* inggih punika majas *antipasi* utawi *prolepsis*, *antitesis*, *kontradiksio*, *paradoks*, lan *antiklimaks*.

c. Majas *Pertautan*

Ing mriki majas *pertautan* minangka majas ingkang paling kathah, dados para siswa ugi langkung remen anggenipun mbesut ukaranipun. Antawisipun majas *alusio*, *alonim*, *eksklamasio*, *interupsi*, *apheresis*, *asindenton*, *polisisindenton*, *metonimia*, *sinkope*, *aforisme*, *invokasi*.

d. Majas *Perulangan*

Para siswa anggenipun madosi majas *perulangan* ing salebeting cerbung pinanggih wonten pinten-pinten. Inggih punika majas *mesodiplosis*, *asonansi*, *epizeukis*, *anaphora*, *anadiplosis*, *epanalepsis*.

Menawi para siswa ing saben kelompok sampun rampung anggenipun madosi majas, lajeng dipunpresentasiaken ing ngajeng kelas lan ing akhir pasinaon dipunserat sedaya majas asil saking sedaya kelompok, saengga para siswa saged mangertosi sedaya majas ingkang kandhut ing salebeting cerbung *Panggugate Anak Karam*

3. Kanthi maos cerbung *Panggugate Anak Karam* lan nelaah majas ingkang wonten salebetipun, para siswa saged sinau *Pendidikan Karakter* sanajan kanthi mboten langsung nanging saking asilipun maos cerbung menika

ndadosaken para siswa saged mangertosi lampahan cariyos saking para paraganipun. Menapa ingkang sae ingkang saged dipundadosaken tuladha gesang samangke lan menapa ingkang awon ingkang mboten pareng dipunlampahi ing pasrawungan saben ndinten saengga samangke para siswa dipunkajengaken saged dados manungsa-manungsa ingkang nggadhahi karakter ingkang sae kados ancas ingkang dipungayuh dening pamarintah saking pendhidhikan ing pawiyatan ngginaaken *Pendidikan Karakter.*

Pendidikan karakter ingkang saged dipunpethik saking pasinaon perkajian majas inggih punika:

- a. Kanthi sinau majas *perbandingan* para siswa saged nggadhahi *rasa ingin tahu, tanggung jawab, teliti, dan disiplin.*
- b. Kanthi nyinaoni majas *pertentangan* ing piwucalan, para siswa supados nggadhahi *rasa percaya diri, bersikap jujur, komunikatif, dan pantang menyerah.*
- c. Nyinaoni majas *pertautan* menika ndadosaken para siswa langkung nggadhahi *rasa ingin tahu, tanggung jawab, teliti, dan disiplin dan bersikap jujur, serta lebih santun.*
- d. Sasampunipun majas *perulangan* dipunlebetaken ing pasinaon Bahasa Jawa, para siswa kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang dados langkung nggadhahi *rasa ingin tahu, tanggung jawab, teliti, dan disiplin dan bersikap jujur, percaya diri, komunikatif, dan pantang menyerah serta lebih santun.*

B. Implikasi

Saking panaliten kajian majas ing salebeting cerbung Panggugate Anak Karam anggitan Adinda A.S. lan relevansi pendidikan karakter ing piwucalan kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang ingkang sampaun katindakaken dening panaliti, *implikasinipun* inggih punika bilih para siswa saged langkung semangat anggenipun nindakaken pasinaon, saha para siswa ugi langkung remen maos karya sastra saengga kanthi maos karya sastra cerbung kanthi irah-irahan Panggugate Anak Karam menika saged mendhet amanat ingkang kapethik saking cariyosipun, ndadosaken para siswa langkung nggadhahi pendidikan karakter nalika nglampahi pasinaon antawisipun *rasa ingin tahu, tanggung jawab, teliti, dan disiplin dan bersikap jujur, percaya diri, komunikatif, dan pantang menyerah serta lebih santun*, utaminipun aspek religius ingkang kebeta dumugi diwasa samangke sageda mendhet patuladhan supados saged dados generasi penerus ingkang nggadhahi karakter langkung sae kangge sangu gesang bebrayan ing masyarakat.

C. Pamrayogi

Kanthy panaliten kajian majas ing salebeting cerbung Panggugate Anak Karam anggitan Adinda A.S. lan relevansi pendidikan karakter ing piwucalan kelas XI SMK Negeri 1 Kalibawang punika panaliti nggadhahi pamrayogi inggih punika:

1. Mugiya saged ngrembakaaken jagad sastra ing jaman sapunika supados donyaning sastra utaminipun sastra Jawa tetep lestantun kanthi

dipunmangertosi dening siswa kelas XI SMK minangka *generasi penerus bangsa* ingkang *berkarakter*.

2. Kagem para dwija supados saged langkung *kreatif* anggenipun ngawontenaken pasinaon salebetipun piwucalan telaah karya sastra novel utawi cerbung supados siswa saged langkung *antusias* anggenipun sinau Bahasa Jawa.
3. Kanthi nglebetaken kajian majas ing pasinaon, para siswa supados saged langkung mangertosi amanat saking salebetipun cariyos minangka Pendidikan Karakter saengga saged mendhet patuladhan kangge sangu gesang bebrayan ing samangke.

KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 2009. *Pengantar Apresiasi Sastra*. Bandung: PT. Sinar Baru Algesindo.
- Astuti, Kabul. 2013. *Perkembangan Majalah Berbahasa Jawa dalam Pelestarian Sastra Jawa. Proceeding Seminar Internasional tentang Bahasa dan Budaya Austronesia-Non Austronesia*. Bali: Universitas Udayana.
- Black, Elizabeth. 2011. *Stilistika Pragmatis*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Bradford, Richard. 1997. *Stylistics*. London: Routledge.
- Djajasudarma, Fatimah. 2010. *Metode Linguistik*. Bandung: ERECO.
- Esten, Mursal. 1993. *Kasusastaan Pengantar Teori dan Sejarah*. Bandung: Angkasa.
- Fatemeh, Masroor. 2016. *Problems in Translating Figures of Speech: A Review of Persian Translations of Harry Potter Series*. Rodaki Institute of Higher Education. Iran. ELTS Vol 4.
- Harjito. 2005. *Sastra dan Manusia: Teori dan Terapannya*. Semarang: Rumah Indonesia.
- Holman, C. Hugh. 1995. *Figure of Speech*. Danburry. Connecticut. The Encyclopedia Americana International Editions Vol 11.
- Ismawati, Esti. 2013. *Pengajaran Sastra*. Yogyakarta: Penerbit Ombak.
- Jentson, Indrek. 2015. *How to Record The Meaning of Figurative Language. Linguistic Issues in Language Technology*. LiLT Vol 10
- Juanda, Asep. 2012. *Struktur dan Nilai Moral dalam Cerpen serta Pemanfaatannya sebagai Bahan Ajar Apresiasi Sastra di Sekolah*. Alenia,1(1):29-38.
- Keraf, Gorys. 2010. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta:Gramedia Pustaka Utama.
- Lestari, Ika. 2013. *Pengembangan Bahan Ajar Berbasis Kompetensi*. Padang: Akademia Permata.

- Mahmood, Rashid. 2014. *ACritical Discourse Analysis of Figurative Language in Pakistani English Newspapers*. King Khalid University Bisha Saudi Arabia: International Journal of Linguistik Vol 6
- Moeloeng, Lexy G. 2008. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Rosda.
- Munir, Saiful. 2013. *Diksi dan Majas dalam Kumpulan Puisi Nyanyian Kelam Karya Sutikno:Kajian Stilistika*. FBS Unnes.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Prihatin, Yoga. 2010. *The Figure of Speech Analysis of Jane Austin Novel “Pride and Prejudice”*. Pancasakti University Tegal.
- Ratnasari Dian. 2015. *Analisis Gaya Bahasa Kiasan Dalam Kumpulan Cerkak Lelakone Si Man Karya Suparto Brata*: PBSJ Universitas Muhammadiyah Purworejo.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stalistika: Kajian Puitika Bahasa, Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Satoto, Soediro. 2012. *Stalistika*. Yogyakarta: Ombak.
- Semi, Atar. 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Siswanto, Wahyudi. 2008. *Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Grasindo.
- Stanton, Robert. 2007. *Teori Fiksi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sudaryanto. 2013. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2007. *Antropologi Sastra*. Surabaya: Unesa University Press.
- Sudjiman, Panuti. 1991. *Memahami Cerita Rekaan*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Sugiyono, 2013. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif R&D*. Bandung: Alfabeta,CV
- Suharianto, S.1982. *Dasar-dasar Teori Sastra*. Surakarta: Widya Duta.
- Suharsimi, Arikunto. 2006. *Prosedur Penelitian*. Yogyakarta: Rineka Cipta.
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Gaya Bahasa*. Bandung: Angkasa.

- Wellek, Rene & Austin Warren. 2014. *Teori Kesusasteraan. Terjemahan Melani Budianta*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Wiyatmi. 2006. *Pengantar Kajian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka.
- Zaidan, Abdul Rozak dkk. 2007. *Kamus Istilah Sastra*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.